2и(5кар)
Ма С-68



ВОЗВРАТИТЕ КНИГУ НЕ ПОЗЖЕ
обозначенного здесь срока

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

Т—3. Зак. 750

ЛСЛ 8 4(5кар)
С 68

ӘБДИРАЗАҚ СЕЙТЖАНОВ



# АЛТЫ ЖАСАР АЙМУРАТ ҲӘМ БЕС ЖАСАР БАЙМУРАТ ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК

Республиканская детская библиотека

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1995

84 кар 87
С—68

**Сейтжанов Ә.**
**Алты жасар Аймурат ҳәм бес жасар Баймурат ҳаққында ертек:** *қосықлар ҳәм поэмалар.* Нөкис—: Қарақалпақстан, 1995. 32 бет.

Әбдиразақ Сейтжанов Республикамызға белгили балалар шайырларының бири. Оның жаңадан таярлаған қосықлар топламында балалардың әдеп-икрамлылығы мәселеси, ҳәр нәрсеге болған қызығыўшылық қәсийетлери, сондай-ақ Аралға болған муҳаббаты көркемликке толы қосық қатарлары менен жырланады.

1238

С $\frac{4803270201-272}{М-357(04)-95}$ —Б—95

ISBN—5—8272—1628—3

©„Қарақалпақстан“ баспасы, 1995.

## БӘҲӘР ҲӘМ БАЛАЛАР

Сүйикли Анасын сағынғандай,
Бәҳәрди сағынар балалар.
Жалаң аяқ, жалаң бас қандай,
Шабысып ойынға ағылар.

Пөпеклерин тағынып басына,
Өнепеклер өзине тартады.
Ҳа анаў, бүклердиң арасынан,
Сүтилмеклер терип қайтады.

Қозыларын, ерке ылақларын,
Дым тойдырып бағады көкке.
Олар бузбас ҳеш топарларын,
Дослары көп, жүрмейди жекке.

Аспандағы көшип баратырған,
Жабырласып бултқа қарасар.
Талдан соғып минген атлары,
Тап әжайып сондай жарасар.

Әне бәҳәр, әне балалық,
Табиятқа мәңги қайылман.
Кете ғойса мени де алып,
Бала болыўға ҳәзир-ақ тайынман.

*Ҳамал, 1995 жыл,*

## ҒАРРЫ ҲӘМ БАЛА

Сексен жасар ғаррының,
Қасына барып,
Қолына бир үлкен,
Геширди алып,

Қайдан билсин,
Бала-нәресте...
Кеўилинде жоқ ғой,
Оның ҳеш нәрсе ..



Бала геширин,
Ғаршылдатып жеп тур.
Ал аўзында бир тиси жоқ
Мәпилик ғарры...
—Ҳай, ҳай, ҳай! —деп тур!
Балалық ай, пай! —деп тур.

*Жауза, 1992-жыл,*

## АРАЛҒА СУЎ ҚУЯЙЫҚ!

Әжағасы Мараттың,
Водовоздың шофёры.
Ишинде шестернасының,
Суў көп болар оғыры.

Тынымсыз ол ҳәр жаққа,
Бәрҳәма суў тасыйды.
Оны көрип Марат та,
„Пай", деп басын қасыйды.

—Әжаға, —деди бир күни,
Қәне, тезирек турайық!
Машинаң менен Аралға,
Суў апарып қуяйық!

*Ҳәсет, 1992-жыл.*

## ТИЛИҢ ШЫҒЫП КИЯТЫР

(*Ақлығыма*)

Тилиң шығып киятыр,
Гүлиң шығып киятыр,
Күннен-күнге қызықлы,
Үниң шығып киятыр.
Келешегиң күниндей,
Усы бастан билингей,
Шүлдирлеген тилиңе,
Жақсы сөзлер илингей.

*1992-жыл,*

## ҲӘККЕ ӨТИРИКШИ

Бизиң тамның басында,
Ҳәкке турды шықлықлап.
Биреў, айтты расында,
Шақырып тур, бул көп қонақ.
Қуўанып күтип жүрдим мен,
Үйимизге қонақ келмеди.
„Өтирикшисең, нағыз сен",
Дедим, көрип ҳәккени.

*Ҳүт, 1993-жыл,*

## ҚӘТЕЛИК

Киятырып жол менен
Жүзимликке дус болдым,
Жеймен ғой деп жүзимнен,
Кеўлим күтә хош болды,
Адам жоқ деп арқайын,
Көтерилип басылдым,
Қызығын соң айтайын.
Солқымына асылдым.

Әри-бери тартсамда,
Ол үзиле қоймады.
Қулағыма емески
Бир сес келди қайдағы.

—Сабыр ет улым, тоқтай тур.
Зақым келер жүзимге,
Бағ дегениң кән ғой, бул,
Керек болса жүзим же,—

Нәҳән қайшы қолында,
Киятыр ғарры жуўырып,
Қорыққанымнан ғаррыдан,
Жүрегим кетти суўырылып,

—Деп, қайшыны салды да,
Үзди писик-писигин,
Сол ўаққытта түсиндим,
Қәтелигин исимниң.

## ӘЖАПАСЫНА УСАЙЖАҚ

Гүлайымның үкеси Минайым,
Аўлағында таўып қолайын,
Әжапасы үйинде жоқта,
Помадасын еринине жақты.

Кирпигине жағыпты тушын,
Жағыў түўе ол былай турсын,
Қалай болса солай үйипти,
Сөйтип қыйқыйып кеп жүрипти.

Тырнаққада жағыпты лəгин,
Күлкиң келер көрип сыяғын,
Сол мәўритте апасы келди
—Түриң қурсын, буның не?—деди.

—Әжапама усамақшыман!
Усы гәпти айтты ол шыннан,
Ал, апасы қызына кейип,
Жуўындырды биразға дейин.

*1995-жыл.*

## „ЖИННИҢ ОТЫ"

Алысырақтан от жылт етти,
Ал, биреўлер қылт етти.
„Ўай-уай, жинниң оты" деп,
Кетейик, қәне тезирек.

Қорқақлар қашты аўылға,
Тайсалмадық барыўға.
Барып едик қасына,
Турыпты бир машина.

Жылтылды рас, бар екен,
Машинаның пары екен.
Түн ишинде бузылған,
Оңлап атыр еки адам.

„Ўай-ўай, жинниң оты“ деп,
Олардың жаны қалмай тек,
Қорқақлар асып баратыр,
Еле қашып баратыр.

*Ҳамал, 1995-жыл.*

## АҒАМА ӨКПЕМ

Велосипедим бузылып,
Қалдым бирден сызылып,
„Бузылған жерин өзим-ақ,
Соғайын“ дедим қызығып.

Түртип көрди бир жерин,
Шертип көрди бир жерин,
Қолынан келмей ағамның,
Билмеди олда не дерин.

Бәри бир соға алмадым,
Жақында еди-ау алғаным,
„Оңлап бер өзиң, кәне“ деп,
Ағама барып жыладым.

Усындайда бола ма,
Оңланбай енди қала ма?
Өзи илим докторы,
Өкпелеп жүрмен ағама.

*Жедди, 1993-жыл.*

## ӨЛТИРМЕ, БАЛАМ!

(*Үйде, ошақ басында баратырған қумырысқаны өлтирип таслайжақ болған ақлығына атасының айтқанлары*)

Жанлы мақлуқ өлимди сүймес,
Оның саған зияны тиймес,
Сол нәрсени умытпағыл ҳеш,
Жәнўарды өлтирме, балам!

Тамақ излеп болып жүр пидә,
Тийме балам, бул қумырысқаға,
Тәбиятты қылмайық жуда,
Бийшараны өлтирме, балам!

Қолыңды тарт, шырағым, тезирек,
Қәўеңдер бол, қайтама көбирек,
Я жүргенди анасын излеп,
Жәниўарды өлтирме, балам!

Турыпсаң ғой, дәртлерди қозғап,
Онысыз-ақ жоқ етиў азба!?
Мийримсизлик жақсы емес онша,
Нәсиятым, өлтирме, балам!



Тәбияттың ҳәтте түйирине,
Әй шырағым, қол қатып жүрме,
Қосып жибер, оны инине,
Обалы бар, өлтирме, балам!

Бул тәбият тартып тур жүдеў,
Сен оларға қайта бол сүйеў,
Егер сени қыйнаса, биреў,
Не қылар ең, өлтирме, балам!

*Сумбиле, 1992-жыл*

## АТАЖАН

*(Урыс ветераны Қайыпназар ата Асановқа арнайман)*

Бул өмирдиң жайлары,
Болмады оңай, атажан.
Жалпақ жаптың бойлары,
Жасарды қандай, атажан.

Қайтқанда қанлы урыстан,
Әлем болды-аў гүлистан,
Балалар жууырып тум-тустан,
Шад болды талай, атажан.

Аталар қарап бойыңа,
Аналар асылып мойныңа,
Шад болды Жеңис тойында,
Мәс болды сондай, атажан.

Туўылған Қалли жағысың,
Тасытты тағы ағысын,
Қорғадың халықтың бахытын,
Батырсаң қандай, атажан.

Шайқастың қайтпай излерге,
Тебериксең бизлерге,
Бас иемиз сизлерге,
Сөзлери палдай, атажан.

*Жаўза, 1993-жыл.*

## БАЛАЛЫҚ

Айтпасам сирә болмады,
Өзинен киши баланы,
Қарап турмай бир бала,
Жылатып кетти жортаға.

„Ғамхор болыў кишиге,
Ҳүрмет үлкен кисиге.
Қағыйдаңыз бар, балам"—
Дедим әсте мен оған.

„—Аўа", деди қысынып,
Қойды бала гүрсинип,
Ертеңине көрсем бир,
Екеўи дос боп ойнап жүр.

Бираз қарап турыппан,
Күлип қойдым мыйықтан.

*Жаўза, 1988-жыл.*

## ЖАҢА ЖЫЛ ТИЛЕКЛЕРИ

Шырақларым, мениң мынаў,
Жаңа жылға тилеклерим,
Ҳәр инсанның мәңги соққай,
Тынышлық деп жүреклери,
Тынышлық деп ҳүким сүргей,
Бәрше адам дос болып жүргей,
Көрмегей урыс қағысты,
Дүнья болғай бир нағышлы,
Кеги барлар кеткей жарасып,
Бир-бирине қушақ ашып.
Балаларым урыс көрмей,
Әй, қудайым өсе бергей!
Жаңа жылдың босағасын,
Қуўаныш пенен атлағаймыз,
Қушақ ашып Аяз бабам,
Ҳәмме бирден шадланғаймыз,
Өкпе-гийне тарап кеткей,
Жақсылыққа қарап кеткей,
Бийғәрез болғай елимиз,
Абадан болғай журтымыз,
Абадан болғай күнимиз,
Дүньяға даңқымыз жайылғай,
Пүткил жәҳән қайыл қалғай,
Шағла Қарақалпақстаным,
Байлығыңыз асып-тасқай,
Дослар мәңги қушақ ашқай.
Балаларым, Сизлер әндамлы,
„Бес"ке оқығайсыз мудамы.
Болғайсыз әдепли-икрамлы,
Саламатлық және ен жайғай,
Жүзлериңиз болсын айдай!
Тилегимизди қуда бергей,
Көзиңиз мәңги жақсылық көргей!

*Жедди, 1993-жыл*

## НИГАР КЕМПИРДИҢ БАЛАСЫ

*(поэма)*

Байжан доктор бала гезинде
Врач болсам деген сезимге,
Бәрҳа-бәрҳа берилер еди,
Томпаң-томпаң ол жүрер еди.

Ағаш еди оның әспабы,
Ҳәрекетке келтирердағы,
Жаўырынымыздан ҳәм тыңлар еди,
Шыжбайлап жазып бир нәрселерди,

Қағаз берер еди дәриге,
Тап билгирдей нағыз бәрине,
Жүрер еди ис питиргендей,
Солай етер еди ол бирдей.

Бир күнлери оның әкеси,
Қайтыс болып қалды нетесең,
Не келеди оның қолынан,
Текте тәғдирине налынар.

Билмес еди жылаўды әттең,
(көзлери дым қызарып кеткен)
Барады екен адамсыз жерге,
Өксип-өксип алады демде.

Пай, доктор болғанда өзим,
Әкемди мен өлтирмес едим,
Деп өзинше қыйланар еди,
Келешекке ойланар еди.

Ал, анасы Нигар апа да,
Өзи сондай болса да қапа,
Баласына берди итибар,
Оқытыўға болды ол қумар.

Қыйынлыққа сокты кейини,
Бирақ, бала болды зейинли,
Мектепти ол питкере сала,
Ташкент жаққа кетти тез ғана.

Бара-сала ТашМИ ге түсти,
Имтиханға салды бар күшти,
Ҳәммесин де тапсырып толық,
Шыға келди студент болып.

Анасы оның ислеп атызда,
Ҳеш тынбастан қысы ҳәм жазда,
Не тапсада жиберип турды,
Перзенти ушын қызықсынды.

„Ҳеш ким оны жетим демесин,
Байжаныма кемлик келмесин?“ —
—Деп анасы алда бон жүрди,
Оған талай байрақ берилди.

Баласынан бир күни хат келип
Оқып еди оны ашып көрип,
Сағыныпты бала анасын,
Айтыпты алған „бес“ баҳасын.

Жазыпты ол тағы былай деп:
—Мениң ушын жүрмең уўайым жеп,
Ҳәлек болмаң ғәрежеткеде,
Ҳәтте маған пулда жиберме.

Апа, саған қуўанып айтайын.
Ендигиден былай ай сайын,
Отличниклер стипендиясын,
Алатуғын болдым, толайым.

Жүргеним жоқ ҳеш күйип-писип,
Қолым тийсе жүклер түсирисип,
Ара-тура ақша табаман,
Оқыўыма ғайрат саламан.

Сондай қыйын оқыўларымыз,
Изертлеў, үйрениў кәримиз.
Көрдим апа, небир маманды,
Тирилтеди өлген адамды.

Болажақпан, мен де солардай,
Врач болыў бахытлы қандай!
Шым-шытырық барлығы илим!
Керек екен, дым терең билим.

Күни-түни оқыймыз китап,
Билмей қалсаң аўҳалың шатақ.
Аңсат емес, адамға бериў жан'
Қыйын емес, оған қызықсаң.

Сөйтип, апа оқып атырмыз,
Өзиңизше, қалай отырсыз?
Питкерермиз бир күнше болмай,
Өтип кетер күнлер зымырай.

Үкелерим жылап жүрмесин,
Мектебине ерте түргелсин,
Ғәрежеттен тарығып жүрмең,
Және айтарым, маған жибермең!

Ата-аналарға аўылымыздағы,
Ҳәм кишкене балаларға тағы
Апа бизден сәлем айтасаң
Доктор болып елге қайтаман.

* *
*

Жыллар зуўлап өтти арадан,
Оң қолында үлкен чемодан,
Ким екенин қайдан билемен.
Талай күнлер кеткен не деген.

Болған бала изинен жуўырысар,
Олар менен қоллар алысар,
Көзлерине қарайды күлип,
Бетлеринен алады сүйип.

Базарлық та берип баратыр,
Не қылар екен, қәне тура-тур,
Мен әйнектен турман сығалап,
Көше бойлап кетти жағалап.

Балалар менен баратырған сол,
Нигар кемпирдиң баласы екен ол.
Қуўаныўға болды турарлық,
Жигит бопты көзиң тоярлық.

Нигар кемпир сойып ылағын,
Шад боп күтти аўыл-аймағын,
Врач бала келипти-дести,
Қуўанысып өткердик кешти.

Таң алдында, ал енди бирақ,
Бир бийжағдай аўҳал болды тап.
Қоңсымыздың баласы дәрҳал,
Дем алалмай болыпты бийҳал.

Оған мени шақырған екен,
Әйнекти қағып бақырған екен,

Оянып шықтым дәрҳал далаға,
Тез жуўырдым аўырған балаға.

Тоқтайын деп тур жүреги соғыўдан,
Ҳәм қалыпты қусыў, лоғыўдан,
Қолайластық қалаға шабыўға,
Жетер жерде телефон бар ма!?

Түсип кетти есиме Байжан,
Питкерип келди ғой, оқыўдан...
Чемоданын келди көтерип,
„Аз-маз алған екен өткерип,“ —

Деди де ол, „зияны жоқ“ деп,
Төрт-бес рет тәкирарлады тек.
„Ҳәзир-ҳәзир тәўир болады,
Қорқпаң, бала аман қалады“.

Укол берди дәрҳал балаға,
Шапқанды да қойдық қалаға,
Жүрегине әспабын тутты,
Қайта-қайта марлыдан жыртты.

Арқаларын сөйтип сыйпады,
Градусник қойып байқады.
Тағы салды балаға укол,
Түске шекем отырыстан сол.

Шықпады ол баланың басынан,
Көпти жолатпады қасына,
Барлық нәрсе чемодандағы,
Ҳәмде иске салынды тағы.

Сол жатыстан бала күн аўа,
Еткен емлер болғандай даўа,
Ҳәрекетке келди қыймылдап,
Тап жатқандай мысалы уйықлап,

Үш күннен соң көтерип бойын,
Бийтап бала ойнады ойын.
Пүткил аўыл қуўанып қалды,
Доктор бала көп алғыс алды.

Бир нәрсеге қыйландық бизлер,
Үлкен-киши ойландық бизлер.

Байжан сонда бир жаққа кетип,
Көп узамай келди ол жетип.

Жиберипти жаңа районға,
Алып келген екен жоллама.
Сөйтип оған кетежақ болды,
Тезирек иске жетежақ болды.

Миннеттармыз Нигар кемпирден,
Байжандай бала өсирген.
Аўылымызда болар деп едик,
Оған ҳәмме ҳақ жол тиледик.

* * *

Санаўлы жыл өтти арадан,
Қыдырып қайттым бир күни қаладан.
Бәндиргиге келгенимде сол,
Автобусқа көтердим тез қол.

Турып мени кетти миндирип,
Кеўилиме қуўаныш ендирип.
Қасымдағы отырған жасы уллы,
Сәлемимди қуп әлик алды.

Булар жаңа районнан екен,
Көп, сөйлестим аўылға шекем,
Байжан түсти бирден есиме,
Жолаўшыға қараппан тесиле.

Әлпимиз алысып бара-барадым,
Сол докторды дәрҳал сорадым.
—Аўылынанбысаң, Байжан врачтың?
—Ҳә, айтайын гәптиң расын.

Оңып қалдық сол келгели,
Елди гезип мудам жүргени,
Ел аралап наўқас емлейди,
Ҳеш биреўди ала көрмейди.

Дәслебинде жай врач болды,
Соңын ала бас врач болды.
Жақсы көрип сайлады халық,
Оның ҳәмме талантын танып.

Жигит екен өзи мийи бар,
Дәрихана, тууыў үйи бар,
Емлеўхана салдырды былтыр,
Ел-халқымыз қуўанысып жүр.

Айтсам, иним гәплерим көпдур,
Әўеле қудай, қала берди,
Сол Байжан доктор,
Алып қалды мени өлимнен,
О, дүньяға кеткен жеримнен.

Ярым саат тоқтап жүрегим,
Билмегенмен ненин не екенин,
Ҳеш тоқтаўсыз илаж көрипти,
Маған қайта жан енипти.

Балаларға ғамхорын айтшы,
Аналарды сыйлайды жақсы,
Ҳәрбир адам туўысқанындай,
Жанға жаққан сөзлери майдай.

Шыпакерлер сондай бәриде,
Қыйланбаймыз, онша дәриге,
Сорап барсақ табылып атыр,
Жоқ жеринен алынып атыр.

Санатория салажақ екен,
Ендиги жылдың жазына шекем,
Питкериўге байлапты белди,
Басшылар да қоллап тур, дейди.

Бир әдети бар екен тағы,
Хош көреди бағыў-бағшаны,
Сындыртпайды жалғыз шыбықты,
Адамлар да оны уғыпты.

Ҳәким менен аралап жүргени,
Халықтың ғамы көрген-билгени
Үй басына бир атыз бийдай,
Ектирип еди, қоярда-қоймай.

Соны ҳәзир татып атырмыз,
Қуўанышқа батып атырмыз,

Олда демеў қыткершиликте,
Не жетсин ауызбиршиликке

Балалардың емлеўханасын,
Питкережақ быйыл шамасы.
Жай болажақ бир шийрин-шекер,
Ал, емлеўи оннанда бетер...

Өсирейик саламат балаларды, —
Деп шақырар ата-аналарды,—
Бизлердеги шыпакер ҳәрбир,
Буны бәрше түсинип ҳәзир.

Талпынбақта соған минәсип,
Кеткейдағы бәри уласып,
Барлығында етежақ тәмийин,
Солай болғай, илайым аўмийин,—

Деп жолаўшы сөзин туўарды,
Олар менен менде қуўандым.
Хош аллияр айтыстықдағы,
Даўам етип сапарын тағы.

Тартты олар Шығысқа қарай,
Жол жүреди еле бир талай.
Ал, мен болсам аўылға қайттым,
Келе-сала апама айттым,—

Ўақыяны Байжан туўралы,
Апам билип сондай қуўанды:
—Қартайғанда бийшара Нигар,
Қудай берген бахыты шығар.

Көп кеширди жесир-жетимлик,
Жасамады ҳәмде бий үмит.
Аўзына тислегендей Байжанды,—
Сондай кемлик пенен асырады.

Соны бала биледи, ақыры,
Өзи киши пейил, ақыллы.
Еле берин, көрерсең еле,
Қудайтала береди мәртебе.

Жақсыларды биледи ғой халық,
Олда жаңа қонысқа барып,

1238
Республиканская детская библиотека
23/110

Көз тиймегей, ислерин қара,
Ҳәммелерден айрықша, дара.

Басқарыў қыйын халықтың саўлығын,
Түсингенғой, заман даўрығын.
Қыткершилик және бир жағы,
Жақсыларға табылар бабы.

Жаманлар тек қулқыны ушын,
Көзабаға көрсетер күшин.
Ал Байжан олардың қасынан,
Ҳәтте жүрип өтпейди ҳаслан.

Сондай еди, әкеси нақыр,
Инсан еди, өзи бир ҳасыл.
Бахтымызға саў болсын, жақсылар
Олар халықтың ғамына жарар.

„Ҳалқы менен аман болсын" деп,
„Өз исине маман болсын" деп,
Байжанға тилек тиледик бизлер,
Қосылғайсыз, усыған сизлер.

## АЛТЫ ЖАСАР АЙМУРАТ ҲӘМ БЕС ЖАСАР БАЙМУРАТ ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК

Балалар, мен бир түс көрдим,
Түсимде әжеп ис көрдим.
Тап енди оңымдағыдай,
Түнде жақты екен ай.

Түн жарпы-аў, деймен
шамасы,
Аўылдың екен арасы,
Уйқыда жатыр ҳәмме адам,
Даўыс шықты жаңлаған:

—Ҳа, адамлар, адамлар,
Зор жаңалық хабар бар.
Белди беккем буўының,
Әмиў бетке жуўырың!

Суў ақты тасып дәрьядан,
Жағада ҳәзир бәрше адам.
Қалайық, тез турыңлар,
Дәрьяға жылдам барыңлар!

Усыны айтып баратыр,
Қыйқыўлап тартып баратар,
Астындағы арғымақ,
Алға шабар қулдырап.

Бул адам усар даўылға,
Аўысты тағы аўылға.
Тайда туяқ қалмады,
Дәрьяға қарай ҳағладық.

Барып едик жағаға,
—Бул не,—дедим,—аға ма?
Адамлар турған сығасып,
Биразы тур жыласып.

Аралдың суўы тартылып,
Ағыпты дәрья жарқылық,
Қуўанып соған жылап тур.
Үндемей сенде тыңлап тур.

Солай деп ағам үйретти,
„Үндеме“ деп зирлетти.
Дәрья суўға толыпты,
Ғарқаллазий болыпты.

„Аралымыз толады,
Журт абадан болады“—
Солай деп, халық тарқасты,
Қолларға қоллар айқасты.

Алты жасар Аймурат,
Уйықламай түни менен тап,
Дым басымды қатырды,
Апам мени шақырды:

Қарағым, үкең Аймурат,
Қонсының улы Баймурат,
Көриўге қуштар дәрьяны,
Маған айтып қоймады.

Апарып қайт жан балам,
Тапсырмам мениң сол саған.
Дәрья тартып кетпесин,
Мийнетим артып кетпесин...

Абайлы болың, қулыным,
Шомылмай турыңлар, бүгин.
Изимизден қарап бизлердиң,
Айырмай турды көзлерин.

* * *

Барыппыз дәрья бойына,
Қуўанышымыз сыймай
қойынға,
Жағада қарап турыппыз,
Жан-жаққа шаўып жүриппиз.

Бир ўақытта албырап,
Алты жасар үкем Аймурат;

„—Әжаға, ҳа, әжаға!
Шомылайық, дәрьяға?!“—

Деп кийимин шешипти,
Ернекте отыр көсилип.
Ал, бес жасар Баймурат,
Жағада тур ол жылап.

Шомылыўға талабан,
Енди не қыламан!
Апамның анаў айтқаны,
Жақсы ғой, тез қайтқаным!—

Деп оларды қыстадым,
Қолларынан усладым.
Сонда да олар шықпады,
Айтқан гәпти уқпады.

Үлкен толқын бир ўақта,
Урған екен қырғаққа.
Алты жасар Аймурат,
Бес жасар Баймурат—

Толқын менен қосылып,
Кеткен бе екен жосылып,
Арман-берман жуўырдым,
Оларды излеп урындым.

Қайда кетти, ҳаў демде,
Зым-зия жоқ ҳеш жерде.
Аймуратлап шақырдым,
Баймуратлап бақырдым.

—„Мындамыз“—дегендей,
Екеўи даўыс бергендей,
Буйра толқын шуўлайды,
Жүрегиң сондай суўлайды.

Анаң қара, Аймурат,
Қасындағы Баймурат!
Баратырғандай думалап,
Бирин-бири қуўалап.

Жағада тәўирақ жуўырдым,
„Ўай-ўай, қурыдым!“



дамлар келди жыйланып,
Оларда жүр қыйналып.

Бәри маған гижинди;
—Ертип келип иниңди.
Қоңсы екен анаўын,
Бересең оның сораўын.

Усылай мени қорқытты,
Ҳәр нәрсе деп шоршытты.
—„Жайын жутқан"—деди олар,
Сол жуўмаққа келди олар.

Ишим от боп жаныпты,
Силем катып қалыпты.
Айрылыппан есимнен,
Адамлар маған түсинген...

Көзимди ашып қарасам,
Есим енип аңласам,
Анамда жатыр қасымда,
Врачлар тур басымда.

Апам жансыз қалыпты,
Ҳайран еткен халықты,
Баймураттың ата-анасы,
Излеп жүр дейди баласын...

Қайсы бирин айтайын,
Қай мәниге тартайын,
Көнип кеттик бәрине,
Апамда жүр ҳәрине.

Гейде талып қалады,
Өлип барып қалады.
Беккемлердиң ең бири,
Ағамның жүр сүлдери.

Қоңсымызды сораман,
Атыўға оғы жоқ маған.
Қасты мени өлтириў,
Мәнисиме келтириў.

Қолайын таўып барғанда,
Атажак мени дәрьяға
Күн-түн солай ойлайман,
Өзимди-өзим қыйнайман.

Сол үйдиң үлкен баласы
Баймураттың ағасы,
Менде қасты-ғәрези
Қан қызба еди ол өзи.—

Деп кәўетерленемен,
Дәрья бетте жүремен.
Азып кеттим шөп болып,
Ҳәмме мени жек көрип.

Жүрипти, оны билемен,
Қәне, қалай өлемен.
Дәрьяға атсам өзимди,
Жоқ етейин көзимди.—

Деп бардым жағаға,
Бир күни ерип ағама,
„Абайлы бол",—деп маған,
Кетип қалды тез ғана.

Жүрген екен сығалап,
Жынғыллықты аралап,
Қоңсының үлкен баласы,
Баймураттың әжағасы!

Услап алды қолымнан,
Ирикти мени жолымнан
„Қорықпа, бала қорықпа",—
Деп мингизди қайыққа.

Қайық бирден зырлады,
„Ағажан"—деп шырладым.
Келмеди оның кәрине,
Қайыл болдым бәрине.

Шамаластық ортаға,
Толқынға түстим шалқама.
Теўипти мени керилип,
Көкирегим тур билип.

„Ўай-ўай" салдым апалап,
Зар жыладым ағалап,
Не қылсын „ўай-ўай" дегенди,
Толқынлар тарта жөнелди.

Батып-шўмип келемен,
Билемен енди өлемен.
Жүзиўди де умыттым,
Қайта-қайта суў жуттым.

Сонда да көрдим ҳалымды,
Сақлайын деп жанымды,
Тырманып көрдим шамамды,
Сирә диңкем қалмады.

Бир толқын урды арқалап,
Төменге кеттим домалап...
Басқасын еслей алмайман,
Өлмей аман қалғайман!

* * *

Жатыр екенмен ес-түссиз,
„Жоқ болдым енди мен
изсиз".
Сол мәҳәл бас ушымда,
Теңиздиң Ақ қуў қусындай,

Денеси аппақ кийимли,
Қабағы қатты үйиўли,
Аппақ шапан үстинде,
Мыйықлы ҳаса дәстинде...

Я, палўан ба, батыр ма?
Бир өзи жүзге татый ма?
Өзи сондай айбатлы,
Келбети келген сымбатлы.

Дәў сыяқлы бойы бар,
Кеўлинде қандай ойы бар,
Жатырман тек илпилдеп,
Жүрегим лоқсып гилкилдеп.

Ақ сақал көксин жаўып тур,
Маған меҳри аўып тур.

Бақырды сол мәҳәли,
Даўысы сондай қәҳәрли.

—Тур балам, тур
орныңнан,
Үмитиң болса жаныңнан.
Аман қалдың, ай қалдың,
Толқында қорқып шайқалдың.

Тас екен жаның шырағым,
Қалыпсаң бул қурақым.
Япырмай мың жасарсаң,
Көп сырларды ашарсаң.

Жети атаңнан берман
киятқан,
„Әўлийе"—деп ат таратқан.
Айжарық атлы бабаңман,
Сыйынар сениң сағаңман.

Хабарлыман бәринен,
Кимниң қандай кәринен.
Қоңсың саған қас болды,
Сени өлди деп мәс болды.

Бирақ, сен ҳақ баласаң,
Неге күйип жанасаң.
Есиңе түсир дәслепки,
Өзиңе мәлим ертекти.

Келгенде сизлер жағаға
Қарадың еки балаға
Аймурат пенен Баймурат,
Шомыламыз, деп зар жылап.

Келтирди сени пәтеңге,
Қаратпады ертеңге.
Екеўи бирден шырлады,
Жер тепсинип жылады.

Олар саған күш бермей,
Сөзиңе исиң дус келмей.
Жағаға жаңа барғаны,
Есиңде бар ма қалғаны?...

Не болғанын билмедиң,
Ҳәтте көзиң көрмеди.
Таўдай толқын сол ўақта,
Урып еди қырғаққа.

Екеўи кетти қосылып,
Толқын менен жосылып.
Жағаға келген батшағар,
Жайын екен, енеғар.

Сол жайын жутты екеўин,
Билмеди қайда кеткенин.
Сен қалдың жылап жағада,
Айрылып еки баладан.

Шеңгелликтен жуўырдың,
Тикенликтен жуўырдың.
Ал, денең алқара қан,
Дәрек жоқ еки баладан.

Гезбеген жериң қалмады,
„Екеўин жайын жалмады".
Ойламадың бул жағын,
Кепти әбден тамағың.

Даўысың да шықпады,
Айтқан гәпти уқпадың.
Уқсадың жилли сүрейге,
Жығылдың талып бир жерге.

Ўайран болды бәри де,
Ҳайран болды бәри де,
Жаман ат саған жабылды.
Кең дүнья әбден тарылды.

Ишине салып бәршесин,
Гүжирейтип таўдай еңсесин.
Тек дүньяда өзим деп,
Келиң, мени көриң деп.

Төрт шақырым жерди алып,
Жайын турды шайқалып.
Көрсең жүрегиң суўлайды,
Дәрьяға сыймай туўлайды.

Сол ғана еки жүўермек,
Еси-дәрти ойын деп.
Жайынның кирди ишине,
Уўайым жесин несине.

Қараса, иши жайынның,
Барлық нәрсе тайын дым.
Кишкене бир қалаша,
Болажақ бир тамаша.

Суп-сулыў жайлар салынған,
Бағлары бар малынған.
Алма-әнар сырғып тур,
Қуслар ушып-қонып жүр.

Балалар папка асынған,
Мектепке өтер қасыннан,
Қарап көзин еймайды,
Бақшада көби ойнайды.

Қаланың бир шетинде,
Күн шығар-қубла бетинде.
Лицейдиң жаңа жайы бар,
Онда оқып шыққанлар.

Болады дейди балықшы,
Биразлары қайықшы.
Капитан болар биразы,
Жақсы кәсип қулласы.

Аймурат пенен Баймурат,
Жүрмеди ҳеш албырап.
Аўызлары ашылып,
Қарады маўқы басылып.

Жүргенде сөйтип қаладан,
Услап алды бир адам.
Басында көк шапкасы,
Капитан екен ол киси.

Олар ҳасла қорқпады,
Қашып жуўырып-жортпады,
Капитан менен айтысты,
Көп нәрсеге тартысты.

Сораса, билип баратыр,
Зейини илип баратыр.
Балықтың сонша түрлерин,
Теңиздиң терең жерлерин.

Биледи бес бармақтай,
Еринлери қаймақтай,
Жылдам-жылдам сөйлейди,
Бизлерге жумыс бер дейди.

Дәрьядан жүзип өтемиз,
Бермесең жумыс, кетемиз,—
Деп шәңкилдеп баратыр,
Дәсмә-дәс аңқылдап баратыр.

Дәрьяның да сырларын,
Ойы менен қырларын,
Айтпай-ақ билип баратыр
Байлығын көрип баратыр.

Кишкентайды үлкейтип
Тап қойғандай үрпейтип.
Услайсаң-аў жағанды,
Үп-үлкен адам табанды.

Қарағанда көзлери,
Шәңкилдеген сөзлери,
Тесип кетер мыйыңды,
Айтыссаң берер сыйыңды.

Лицейге жетпей-ақ,
Капитан қалды албырап.
„Аш болдық" деп бақырды,
Асханаға атылды.

Капитан ерди изине,
Исенбеди көзине.
Ҳәрбири жети табақтан
Он алты ақ шабақтан,

Силейип турып ас жеди,
Еки үлкен сазан бас жеди,
Айтпадық еле сорпасын,
Кептирди және аңқасын.

Қырқ стакан кампотты,
Түргелип турып бир тартты.
Жән-жағына бир қарап,
Болды сөйтип кетежақ.

Капитанға төлетпей,
Ол туўралы үндетпей.
Өзлери пулын төледи,
Лицейге қарай жөнеди.

Сумлық шығар булар деп,
Көрген ҳайран қалар деп.
Капитан ҳайран ишинен,
Шығармады тисинен.

Ал, сөйтип капитан аға,
Лицейдиң директорына,
Апарды еки палўанды,
Айтпады ҳеш жалғанды.

Айтты көрген-билгенин,
Екеўиниң жүргенин.
Лицейге қолай екен деп,
Билгир балалар екен деп,

Әкелгенин билдирди,
Директорды күлдирди.
Булардың ишип-жеўлерин,
Лицейде күн-көриўлерин,

Ҳәмде жүрис-турысын,
Бузбайды биреўдиң шырышын.
Екеўи спортшы-палўан деп,
Оқыўға тақ турған деп.

Сен тиймесең тиймейди,
Ялғанға бас иймейди.
Сақ болың усы жағынан,
Сөйлейди мудам ҳағынан.

Ҳүжжетлерин тапсырып,
Қуллық деп қолын қаўсырып,
Орнасты жатақханаға,
Бир аспаз еки балаға,

Сол мәҳәл таяр етилди.
Балығынды. етинди.
Жегенде көрдим демейди,
Бирақ тауық жемейди.

Онында сыры бар шығар,
Солай өскен жан шығар.
Ҳеш ким билмес бул жағын,
Көрсин сынап ығбалын...

Билдирдим, бул қурақым,
Ендиги жағын шырағым,
Өзиң биле бересең,
Өзлерин де көрерсең.

Айтып усы гәплерди,
Аспанға қарай тәп берди.
Ушып кетти әўлийе ата.
Я қондыма тауға, ата.

Ол жағын ҳешким билмейди,
Ҳәттеки, көзиң көрмейди.
Караматлы сол ушын да,
Ал, бала енди қысын ба?!

* * *

Даўамы тағы бир дәстан,
Ал, енди соннан сол ақшам,
Түнеди жатақханада,
Шынығыўға таң азанда,

Майданшаға келипти,
Турникти қақ бөлипти.
Штанга жүр аспанда,
Ылақтырды аспанға.

Басқасы да жарамай,
Қалды адам қарамай.
Қайта исленди бәриде.
Жаў тийгизди бәрине.

Ертеңине курсантлар,
Булардан еди бийхабар,

Көрип мына аўҳалды,
Ҳайран-ҳәсиретлер қалды.

Ҳәмме услап жағасын,
Буған берди баҳасын.
Бул бәле қайдан тап болды.
Лицейде үлкен гәп болды.

Капитанды директор,
Ол бизге керекдур,—
Деп шақыртты алдына,
Түсинип ол парқына,

Айқын, әдил сөйледи,
Сөйлегенде бүй деди:
Қәўетер алмаң булардан,
Оқып қалды майданшаң.

Екеўиде ҳақ кеўилли,
Оқыўға кутә зейинли.
Көп турмайды бул жерде,
Оқыўды питирер демде.

Шығады оқып үш айда,
Сөйтип кетер бул жайдан.
Оқыўда өрнек болады,
Сизлерге ертек болады.

Олардың көп пайдасы,
Мийнеттиң нағыз шайдасы,
Жаңарады гөнеңиз,
Шынығады денеңиз.

Гүллентеди лицейди,
Өзлери күшли, кең пейли
Жобасы көп ислейжак,
Ҳақ нийетли кеўли пәк.

Пайдаланып қалайық,
Олардың күшин алайық,
Бәрәкелласын жеткерип,
Лицейдиң жайын питкертип,

Алайық, көплеп-көмеклеп,
Жүрмеңлер өйтип ермеклеп,

Тийменлер бул егизге,
Аталмайсыз теңизге.

Айрықша бир жаралған,
Кәрамат бар Алладан,
Ашыўы келсе, сизлерге,
Зияны тийер бир елге.

Курсантлар басты ашыўын,
Дослыққа беллерин бууып,
Екеўи менен дос болды,
Қос палўанға бул йош болды.

Үш жыллық бул лицейди,
Үш айда питкерди.
Алды қызыл дипломды,
Бәршениң кеўили толды.

Диплом алыўдан кетпеди,
Бий әдеплик етпеди.
Гөне еди лицей жайлары.
Иске асырып ойларын.

Салды оны жаңадан,
Тек еки баладан,
Басқасы араласпады,
Рухсатсыз жақынласпады.

Гербишти урып гербишке,
Жан ендирди бул иске,
Цементи менен ҳәклери,
Болмады онда шеклери.

Таў болып жатты бәриде,
Шыдам берди бәрине.
Күн деместен түн демей
Ҳеш уўайым ғам жемей.

Бир ярым айда питкерди,
Үш этажлы лицейди.
Киргизип курсант досларын,
Кеўиллерин йошлады.

Жаңа имарат тойында,
Қуўаныш тасып ойында.

Қос палўан йошып гәп айтты.
Келди нағыз сөз пайыты.

Алғысларын билдирди,
Бәршени бираз күлдирди.
Саўғалап палўан досларын,
Хошласты жолдаслары.

* * *

Солай етип, қос палўан,
Кеўили дөнип жүз әлўан,
Колхозда мотор-қайықшы,—
Деген жумыс алыпты.

Бул жерде де күн демей,
Иследи олар түн демей.
Екеўи балық аўлады,
Балықлар аўға саўлады.

Нәтийже болып исинде,
Еки жылдың ишинде,
Ҳәр жылы бир он жыллық;
Жобаларын толтырып.

Абырайды алып қос палўан,
Әзелден еки дос палўан,
Атағы журтқа жайылды,
Буларға ҳәмме қайылды...

Шығыпты деп қос батыр,
Халық ағылып киятыр!
Палўанларды көриўге,
Көрип сәлем бериўге.

Билгенлерде киятыр,
Билмегенде киятыр,
Көргенлерде киятыр,
Көрмегенде киятыр.

Хабаршыда киятыр,
Базаршыда киятыр,
Дүньяның төрт буршынан:
Хорезмнен, Қарщыдан.

Түркистаннан, Тахтадан,
Алыс-алыс жақлардан.
Қызыл Орда, Қазалы,
Айтылды сөзлер мазалы,—

Қос батырдың атына
Аты түуе затына.
Алғыслады бабасын,
Олардың туўған анасын.

Түпәләмди жаўдырды,
Көз тиймегей деп турды.
Мирәт етти ҳәммеси,
„Бизиң журтқа кел", десип.

Қудайтаала қуўантты,
Халқымызды жубатты.
Дәрьямыз, суўға бай болды,
Аралымыз қайтадан Ай болды.

Қуслар тауып қонысын,
Тоғайлар кетти толысып,
Суўсыз өмир жоқ екен,
Суў менен халық тоқ екен.

Тарығып еди адамлар,
Жабығып еди адамлар.
Зарланып еди елимиз,
Қорланып едик көбимиз.

Балыққа толмай көлимиз,
Кийикли болмай шөлимиз,
Тап болып ҳайраншылыққа,
Тәбият ўайраншылыққа.

Дус келип еди, қәйтейик,
Анығын буның айтайық.
Бендесин Алла аяды,
Қайтадан берди-аў Аралды.

Қәдирин енди билейик,
Бир мақсетте жүрейик.
Қәстерлейик Жәйҳунди,
Қадағалап ҳәр күни.

Турайық суўын тексерип,
Адамларға ескерип.
Басы болғай шадлықтың,
Қуўанысып қалдық дым.

Мәңги болғай бул шадлық,
Қуўанып жүргей ел-халық.
Аралымыз саў болғай,
Дәрьямыз саў болғай!

Қолларын жайып бәршеси,
„Аумийин" десги ҳәммеси.
Жалбарынып Аллатаалаға,
Дуўа етти Ата-бабаға.

Сөйтип, олар тарқасты,
Қушаққа қушақ айқасты.
„Саў бол"—деп қос палўанға,
Араласты кәрўанға...

* * *

Бул ақшам болды өзгеше,
Қос батыр шоршып түргелсе,
Бирде жан жоқ қасында,
Отыр еди басында.

Екеўиниң Анасы,
Дүньядағы тәнҳа панасы,
Сел-сел етип көз жасын,
Айтты былай наласын!

„Көзлеримиз гөр болды,
Бауырымыз қара жер болды.
Сизлерден бизлер айрылып,
Жез қанаттан қайрылдық.

Ийманымыз айтыўлы,
Ойлай гөриң қайтыўды.
Ырзаласып қалыңлар,
Айтқан тилди алыңлар".

Мына түси шоршытты,
Қос палўанды қорқытты.

Баймуратқа сыбырлап,
Аймурат айтты қыбырлап.

Түсиндиң бе, түсине,
Бизлер жайынның ишинде
Жүрмиз болмас айтпасақ,
Болмайды енди қайтпасақ.

Қәне, сен тез тайынлап,
Рухсат аламыз Жайыннан.
Қандай шәртлер қойсада,
Көзимизди ойсада.

Барлығына қайылмыз,
Не деседе тайынбыз·
Бир ўақытта Жайыннан,
Саза келди:—Бул қайдан!

Қәне, не деп атырсыз,
Сизлер қандай батырсыз?!
Шәртим, аўылың менен
жутаман,
Тухымыңды қурғаман.

Болмаса жибере алмайман,
Ҳәм апарып салмайман.
Сизлер мени ким дейсиз,
Жақсылықты билмейсиз!

Екеўи жылап жалынды,
Анамыз—деп налынды.
Тек шықпаған жаны бар,
Илпилдеген ҳалы бар.

Ырзаласып қалайық,
Ағажан тезирек барайық.
Жута көрме аўылды,
Қайтар аға таўыңды.

Бизлерди ғарғап жүреди,
Ағажан, жақсы жер еди.
Еки баланың сыйы бар,
Еки саранаў сыйыр бар.

Соларды алып берейик,
Жақсылығыңды мәңги
билейик,—
Деп екеўи зарланды,
Өтинишлер аңланды.

Жайын қайтты кейинге,
Айтқанды илип зейинге,
Жети саат жол жүрип,
Жол жүрседе мол жүрип,

Аўылдың келди тусына,
Түкирип жайын мушына,
Қос саранаўды тап деди.
Аўылыңа шап, деди.

Абырайлары бар екен,
Бир Алласы яр екен.
Еки гәўмис саранаў,
Жүрипти ғой, ҳа анаў!

Суў ишиўге бери жылысты,
Екеўи келип суў ишти.
Балаларды босатып,
Сыйырларды жутты қақсатып.

Турғандай-ақ тап зордан,
Балалар қашты шығыўдан,
Жер көрмеди көзлери,
Шықпады ләптен сөзлери.

Тили аўзына тығылды,
Гә турды, гә жығылды.
Ашалмай атыр араны,
Танымай қалды жағаны.

Суўдың шарапатын-ай,
Дәрьяның кәраматын-ай!
Дүт тоғайға айланған,
Егинлер тур салланған.

Бурынғы жатқан тақырлық.
Жайқалған бийдай атызлық.
Бурынғы жатқан кебирлик,
Шайқалған салы егинлик.

Бурынғы жатқан қайырлық,
Теңкейискен қаўынлық.
Бурын жатқан қуў дала,
Сығасып тур палызға.

Бурынғы жатқан арқаш та,
Мәккелер тур ғоддаслап.
Баяғы суўсыз жер Аша,
Қулпырып өскен ғаўаша...

Усылай қашып баратыр,
Араны ашып баратыр,
Жайынның келди ашыўы,
Булардың не қашыўы?!

Бул жаманлар, ҳәттеки,
Хошласып та кетпеди.
Билмеди жақсылығымды,
Ермеклейди ол кимди.

Шықпастай етип жутайын,
Аўылы менен қуртайын,
Деп жайын „ҳәўип", деди,
Қос палўанға қәўип еди.

Кетседе еплеп алыслап,
Гөр аўзынан қалды тап,
Сыйынды Аллатаалаға,
Тап болды Айжарық бабаға.

Әўлийе баба, Ай баба,
Кәраматқа бай баба.
Екеўин жолға салыпты,
Сөйтип ғайып болыпты.

Жақынласты аўылға,
Қостан тойып қаўынға,
Киятырған бир топар,
Балалар шықты бул сапар.

Нәм-нәҳән боп кетипти,
Қаяқлардан жетипти.
Көристи жылап шетинен
Шапты үй бетине.

Аўырып жатқан Қулмурат,
Жуўырысты оған қулдырап.
Келди еки үкеси,
Қурып еди жүйкеси.

Аймуратты сағынып,
Баймуратты сағынып.
Абырай еле бар екен,
Айекең менен Байекең.

Аймурат келди аңқылдап,
Баймурат келди шәңкилдеп.
Қулмурат жылап қыйланды,
Жанына ҳәмме жыйланды.

Қушағында қос батырдың,
Жылаўға болды татырлық.
Түси екенин билмейди,
Адамды көзи көрмейди.

Жыламақ түўе өкирди,
Аспанға секирди.
Ол солығын басалмай,
Көрпе астында жаталмай,

Бастырнығып бақырды,
Ҳәм шақалып қақырынды.
Жан терге түсипти,
Соныңдай күйип-писипти.

Қараса, байқап, түси екен,
Жатқаны көрпениң иши екен,
Сонда да жылай береди,
Бой таслап қулай береди.

Даўыслап тағы бақырды,
—Апа! Апалап, шақырды.
Көз жаслары сел болды,
Орны суўдай тер болды.

—Ҳаў-ҳаў балам, ҳаў балам,
Жыладың неге қой, балам!
—Аманлық па, қорықтың ба,
Ямаса, бастырнықтың ба?!

Япырмай терлеп қалыпсаң,
Өз-өзиңнен талыпсаң.
Терлериң сүртти баланың,
Бергени деп Алланың.

Басалмай еле өксигин.
Услап суў-суў көпшигин.
Мурны турды пырқылдап,
Танаўлары пыр-пырлап.

Ол, дәрьяның тасқанын,
Кәнарынан асқанын,
Ғарқ болып суўға Арал да,
Ол жәҳәнге таралған...

Аймурат пенен Баймурат
Шомылып атырғанда тап,
Жайын жутып кеткенин,
Ҳәммени ўайран еткенин.

Көрген түсин биримлеп,
Айтып турды дирилдеп,
Сондада жылай береди.
Көз жасын булай береди...

Мыйық тартты апасы,
Кеўлинен кетти қапасы,
Қорқыттың ғой, жаным ай,
Юсуп пайғамбарымыз
жорығай!

Мына көрген түсиңди,
Жыйнайгөр, балам, есиңди,
Түсинде қорққан қуўанар,
Халықтың кеўли жубанар,

Суў тасыйды екен дәрьяда,
Суў толады екен Аралға.
Шад болады екен халқымыз
Қайтадан шығар даңқымыз.

Келип баяғы қәлпине,
Енип елдиң мәпине.
Тасады екен дәўлет-бағымыз,
Күшейер аманлығымыз.

Билесеңбе, ҳәм балам,
Рәўиятты сен, балам.
Мына Арал теңизин,
Нуҳ пайғамберимиздиң.

Кемеси екен жарықлық,
Бул сөз нағыз халықлық,
Кәрамат бар Аралда,
Суў келеди Аралға!

Жылама жаным, қулыным,
Жыласаң егер сен бүгин,
Қуўанасаң күни ертең,
Шад болып ержетесең.

Анасының сөзине,
Әрманлы қарап көзине.
Жылағанын қойып Қулмурат
Солығын басты ол бирақ.

Аймурат пенен Баймурат,
Қасында тур Қулмурат,
—Әмиў, Арал тасқай, илайым,
Тилегимизди бергей, Қудайым!

## МАЗМУНЫ

Бәҳәр ҳәм балалар . . . 3
Ғарры ҳәм бала . . . 3
Аралға суў қуяйық . . . 5
Тилиң шығып киятыр . . . 5
Ҳәкке өтирикши . . . 5
Қәтелик . . . 5
Әжапасына усайжак . . . 6
„Жинниң оты" . . . 6
Ағама өкпем . . . 7
Өлтирме балам . . . 7
Атажан . . . 9
Балалық . . . 9
Жаңа жыл тилеклери . . . 10
Нигар кемпирдиң баласы, *(поэма)* . . . 10
Алты жасар Аймурат ҳәм бес жасар Баймурат ҳаққында ертек . . . 18

**Әбдиразақ Сейтжанов**

# АЛТЫ ЖАСАР АЙМУРАТ ҲӘМ БЕС ЖАСАР БАЙМУРАТ ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК

*Қарақалпақ тилинде*
*„Қарақалпақстан" баспасы*
*Нөкис — 1995*

Редакторы *Алмагүл Ешмуратова*
Художниги *Алматдин Аметов*
Худ. редакторы *Исмайыл Қыдыров*
Тех. редакторы *Кеңесбай Бекниязов*
Корректоры *Арзыхан Аташева*

ИБ 1822

Териуге берилген ўақты 7.09.95 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 3. 11. 95 ж. Қағаз форматы 60x84 $^1/_{16}$. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,0 баспа табақ. 1,86 шәртли баспа табақ. 1,84 Есап баспа табақ. Жәми 2000 Нусқа. Буйыртпа 209. Баҳасы шәртнама бойынша.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.